



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE PLAN POU DEVLOPMAN NOUVO LOJMAN
ABÒDAB NAN EAST FLATBUSH NAN KAD INISYATIV VITAL 1.4 MILYA DOLA
BROOKLYN LAN**

*Konplèks ki gen 322 apatman pou revni miks pral akeyi fanmi yo, granmoun aje
yo ak moun ki bezwen sèvis sipò sou sit yo*

*Devlopman Fè Pati Angajman Gouvènè a Pou Kreye 4,000 Inite Lojman Abòdab
nan Brooklyn Santral*

Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse dènye pwopozisyon ganyan nan kad inisyativ Vital Brooklyn, Utica Crescent, ki pral konstwi 322 apatman abòdab ak sipò nan Brooklyn Santral. Inisyativ Vital Brooklyn ki evalye a 1.4 milya a vize ak investi nan uit zòn entegre, soti nan swen sante pou rive nan lojman, etabli yon nouvo estanda pou adrese diferans ekonomik kwonik ak rasyal nan kominote ki gen anpil bezwen nan Brooklyn yo.

"Pandemi an ekspoze pi plis inegalite ki egziste nan twòp kominote nou yo ak nan yon twò gran nonb epi an menm tan an li montre kouman li enpòtan pou Nouyòkè yo gen aksè a lojman ki an sekirite epi ki abòdab", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap fè fas a defi san parèy, men nou nan sa a ansanm - e se poutèt sa Eta a ap kontinye entansifye ak ede moun ki nan plis bezwen pandan n'ap bouje pou pi devan ak pwojè tankou Utica Crescent, ki pral ogmante opòtinite lojman abòdab ki genyen pou dè santèn de New Nouyòkè."

Batiman an pral gen o total 322 apatman ke yo pral rann abòdab pou yon seri de revni manm fanmi yo. Trant-kat nan inite yo pral rezève pou ansyen sanzabri yo ak fanmi yo, epi gen 96 inite ke yo pral mete sou kote pou granmoun yo. Utica Crescent se yon antrepriz komen pa Monadnock Development LLC ak CB-Emmanuel Realty LLC. Catholic Charities pral bay sèvis sipò sou sit yo pou rezidan yo ansanm ak tout kominote a.

Devlopman an pral konstwi sou yon pakin kounye a ke One Brooklyn Health System (OBHS) posede ki adjasan a Sant Medikal Jwif Kingsbrook (Kingsbrook Jewish Medical Center) lan. Pwopozisyon ki genyen an gen ladan plan pou yon nouvo sant dyaliz k'ap

opere pa OBHS pou ranplase aktyèl sant dyaliz ki pi piti yo a sou lakou kanpis Kingsbrook Jewish la. Batiman an ap gen ladan tou yon gwo makèt sèvis konplè kòm lokatè komèsyal prensipal, ak vitrin magazen ki pi piti nan premye etaj la ki pral akomode biznis lokal yo. Anplis de sa, yo pral founi yon pakin anba tè ki gen 300 espas pakin pou anplwaye Sant Medikal Jwif Kingsbrook yo ki kounye a pake nan sit devlopman an.

Ekipman sou plas pou rezidan yo ap gen ladan chanm lesiv, chanm egzèsis ak aktivite, depo bisiklèt, ak chanm kominotè pou plizyè objektif. Sèvis Agrikilti Sipòte pa Kominote a pral lokalize sou sit la.

Anplis de sa, devlopman gen ladan yon bann estrateji efikasite enèji ki kontribye nan sante kominotè ak sante endividyèl, ki gen ladan twati vèt yo, yon Sètifika Enterprise Green Communities, ak reponn tou a nòm pwogram miltifamilyal plizyè etaj ENERGY STAR la pou reponn ak egzijans Inisyativ Obligasyon pou Klima (Climate Bond Initiative). Yo pral bay Wi-Fi gratis tou nan tout batiman an pou rezidan ak vizitè yo, ki se yon karakteristik prensipal nan angajman Inisyativ Vital Brooklyn lan pou ogmante aksè ak entènèt atravè Brooklyn Santral.

Utica Crescent pral bay tou apeprè 30,000 pye kare espas ouvè ki gen ladan yon gwo lakou enteryè ki gen jaden rezidansyèl, graden an bwa, santye pyeton, ak plizyè zòn aktivite anplennè. Espas pou alafwa lwazi aktif ak pasif tankou jwèt, mache, chita ak fè piknik, pral pèmèt popilasyon rezidan divès yo jwi menm espas la. Amenajman peyizaj toutotou lari a pral gen ladan plat bann, chèz, sipò bisiklèt, ak depo pou bisiklèt deyò a pou kliyan makèt yo.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal la, te deklare,

"Diferans ekonomik ak sante ki afekte katye sa yo ak pèt akòz COVID-19 yo enkonpreyansib, men nou pral adrese inegalite sa yo nan avanse ak yon vizyon pisan pou yon Brooklyn Santral vital epi ki renouvle. Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a ofri solisyon konkrè, tankou Utica Crescent, ke nou konnen deja k'ap ede kraze baryè nan bon jan kalite lojman abòdab ak kreye kominote ki pi solid, pi dirab pou jenerasyon kap vini yo. Se konsa New York kontinye ap dirije nan batay pou egalite, sante, lojman desan, ak opòtinite".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Katye vibran, divès yo esansyèl pou asire New York emèje anba konsekans finansye pandemik la pi fò ak pi rezistan pase anvan an. Devlopman sa a pa pral sèlman kreye anpil nouvo kay ki nesèsè, men tou opòtinite vant an detay, swen sante ak opòtinite pou travay pou rezidan yo nan katye a. Lè Gouvènè Cuomo di nou ap rebati pi byen, e pi ekitab, pwojè sa a pwouve pwen li an".

Senatè Zellnor Myrie te deklare, "Bezwen pou lojman abòdab ak swen sante ki fasilman aksesib pa yon sekre pou rezidan yo nan kominote yo ki pi frajil nan Brooklyn.

Pwojè Utica Crescent se yon devlopman kreyatif, modèn, efikasite enèji ep ki oryante sou sante ki pral bay jenerasyon rezidan yo lojman ak sèvis kominotè ki te grav manke nan katye sa a depi twò lontan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, anplwaye HCR yo ak ekip devlopman an pou patenarya yo.

Manm Asanble Nick Perry te deklare, "Inisyativ Vital Brooklyn lan kontinye rete yon sous espwa pou kominote nou an nan yon moman kote li pi nesèsè. Enpak COVID te fè wè klè nesèsite pou solisyon alontèm pou lojman ak diferans swen sante ki te pèsiste depi twò lontan nan Brooklyn. Gouvènè Cuomo montre li dispoze pou koute rezidan nou yo ak lòt moun ki gen enterè yo pou aplike solisyon ki adrese anpil nan enkyetid nou yo. Nan non tout moun ki nan Brooklyn Santral la, mwen vle remèsye Gouvènè a ak Komisè Visnauskas paske yo rann devlopman sa a ke yo bezwen anpil la gen lavi".

R. Chris Bramwell, asosye direktè Jr. nan CB Emmanuel, te deklare, "CB Emmanuel kontan anpil paske yo te ba li lokal K a yon pati nan ekip Utica Crescent lan. Nou rekonèt konsistans Gouvènè a nan ranfòse patisipasyon MBE nan devlopman lojman abòdab e nou ap tann ak enpasyans pou delivre yon pwojè pou ak sèvi kominote ki istorikman vibran epi divès ak tout minisipalite Brooklyn nan.

Nicholas Lembo, ki se Prezidan Monadnock Development ak Monadnock Construction, te deklare, "Monadnock depase kontan pou li fè pati ekip yo chwazi pou devlope lojman abòdab nan sit Brooklyn Santral sa a, ki adjasan a venerab Sant Medikal Jwif Kingsbrook la. Mèsi Gouvènè Andrew Cuomo, Komisè HCR NYS la RuthAnne Visnauskas ak Laray Brown, Direktè Egzekitif Jeneral One Brooklyn Health System lan, pou konfyans yo nan kapasite nou pou founi kalite lojan siperyè pou moun ki nan plis bezwen yo".

Monseyè Kevin Sullivan, Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif Catholic Charities nan Brooklyn ak Queens ak ajans afilye yo, te deklare, "Catholic Charities Brooklyn ak Queens konta anpil pou travay ak CB Emmanuel, Monadnock ak ekip yo sou opòtinite eksitan sa a. Catholic Charities se pwomotè ki mennen nan lojman abòdab nan Brooklyn ak Queens, e nou ap tann ak enpasyans pou nou o sèvis kominote a nan East Flatbush, Brooklyn".

Revitalize Brooklyn Santral

Brooklyn Santral se youn pami zòn ki pi defavorize nan tout Eta New York la. Rezidan yo eksperimente to pwoblèm sante ki pi elve; aksè limite ak manje ki an sante oswa opòtinite pou aktivite fizik; ak to vyolans ak krim elve. Brooklyn Santral afekte tou ak gwo disparite ekonomik akòz chomaj, nivo povrete elve ak aksè ensifizan pou bon jan kalite swen sante.

Anons jodi a ajoute sou sis pwopozisyon ganyan Gouvènè a te anonse anvan sa yo nan mwa novanm 2018, desanm 2019, ak janvyè 2020. Ansanm, devlopman sa yo pral fè vantage angajman inisyativ Vital Brooklyn lan pran pou konstwi 4,000 lojman abòdab nan Brooklyn Santral. Chak nan pwopozisyon ganyan yo enkòpore sèvis sosyal, medikal ak

kominotè; opòtinite lwazi ak edikasyon; ak sèvis apatman ak sipò pou moun ki andikape sou plan devlopman, moun ki aje andeyò swen adoptif, ak fanmi sanzabri kwonik yo.

Enfòmasyon sou Inisyativ Vital Brooklyn lan

Gouvènè a te lanse Inisyativ Vital Brooklyn lan nan prentan 2017 pou adrese seri disparite yo ki afekte rezidan Brooklyn yo ak pou kreye yon nouvo modèl pou devlopman kominotè ak byennèt nan kominote yo ki pi vilnerab nan Brooklyn.

Après, Gouvènè a te mete chak Manm Asanble Brooklyn Santral responsab pou yo konvoke yon Konsèy Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Council) k ap gen ladan lidè kominotè yo, ekspè lokal yo, defansè yo, ak lòt aktè yo pou konsidere bezwen inik ak opòtinite nan distri pa yo, epi pou devlope solisyon alontèm. Senatè Eta a ki reprezante kèk pati nan Brooklyn Santral la yo te angaje aktivman nan pwosesis la tou. Yon total 25 reyinyon kominotè te rasanble prèske 100 aktè kominotè kle yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)